



BUCKETS OF HOPE

“BUCKETS OF HOPE” Se yon opòtinité pou chak batis mété men yo pou ede Ayisien

Chak batis ka mété min yo pou chanjé lavi pèp Ayisien lè yo patisipé nan “Bokit lespwa” ki yon minister nan batis nan yo. Plan ministè sa té soti nan yon réinyon planifikasyon ant lidè konvansyon Batis nan Florida ak Misyon Batis Intènasyon Repons Global é Batis nan Sid pou sekou katastròf.

“Bokit lespwa” se yonn nan fason Batis ka rempli manda Kris la Ba moun ki grangou yo manjé nan non Jezi. Lè nou sonjé Matié 25:40 “Wa a va reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: chak fwa nou te fè sa pou yonn nan pi piti pami frè m' yo, se pou mwen nou te fè li.”

Yon “Bokit lespwa” se yon bokit 5 galon ki dwe gen manjé an dann li ki kouté 30 dola. Chak moun ka achte manje yo pou mete nan bokit lespwa-a. Manje sa ka ba yon fanmi Ayisyen manjé pou yon semèn. E wap mete 10 dola sou tèt bokit la pou ede ak lajan transpòtasyon bokit la.

Dèlè pwojè a: Lindi 15 Mas 2010 “Bokit lespwa” dwe delivré ba dirèktè eta sekou desas nan konvansyon batis ou yé-a. Chak konvansyon dwé chahé mwayen pou'l pran bokit yo e delivré yo nan depo nan Aléya pou mete yon an kago pou yo alé Ayiti. Anvan yo mété yo nan kago chak Bokit ap gen yon papyé ki ekri “Bokit lespwa” yon kado lanmou é supò krétyen Batis nan Sid yo.

Bokit la:

Yon 5 galon bokit plastic nèf ak lans ki pa janm sèvi avan. Kokit la pa dwé gen ekriti ou byen non okinn konpayi sou li. Tèt Bokit la dwe byen fèmin. Pou konnin koté ou dwe achte bokit la: www.namb.net/bucketsofhope.

Manjé ki dwe la dan:

Manje yo pa bezwen gen yon non spesyal. Lè manje a fini Ayisyen yo ka utilize bokit la pou fè anpil lòt ba gay. Souple pa chanjé lis manje sa e pa meté lot bagay andan bokit la ke sa nou mande-w la. **Me sa kid we nan bokit yo.**

2 sachè - 5 liv diri grin long

1 boutèy- 48 ons lwil dou

2 sache - 2 liv pwa nwa ou byen pwa rouj

1 sachè - 5 liv farinn frans

1 boutèy - 20 ons sik blan

1 bokal - 40 ons mamba ki pa gen grin

Yon 2 galon sachè plastic (ziplock) pou vlopé boutèy lwil la

Me kòman ou dwe pake Bokit yo:

1. Avan ou komanse pake bokit ou dwe priyé pou fanmiy Ayisyen ki pral trouvé bokit sa.
2. Mete Bokit la kouché
3. Mete sachè diri yo nan nan bokit la. Mete yonn kouche a koté lot, nan dirèksyon anro pou anba bokit la. Kole sachè diri yo ansanm fè atensyon pou yo pa pete, pou ka fè plas pou lot bagay yo.
4. Meteboutèy lwil la ann dan sachè plastic 2 galon-an (Ziplock) pesé'l pou lè-a ka sòti an dédan li, vlopé rès la trè sere ak boutèy lwil la epi fèmin'l. Se yon fason pou boutèy pa pete.
5. Mete boutèy lwil kouche sou diri-a yon fason pou dèyè boutèy la touché preske mitan dèyè bokit la.



6. Mete bokal manba a kote lwil la
7. Mete ti manit sik la kouche sou boutèy lwil la
8. Mete bwat spageti yo a kote boutèy lwil la



9. Pandan ou kinbe sik la ak manba mete bokit kanpe tèt an lè
10. Mete yon sachet pwa ann dan bokit la a kote manba-a
11. Mete sachè farinn an sou tèt bokal mamba fè atensyon pou'l pa touché kwen bokit la



12. Mete lot sachet pwa a koté farinn nan
13. Fèmin tèt bokit e fèt si lib yen fèmin
14. Meté 10 dola kash ann dan yon anvlop e fèmin anvlop la taché anvlop la sou tèt bokit la ak adesif.
15. Poté "Bokit lespwa" nan zòn kote ya resevwa'l yo avan lindi 15 Mas 2010.



Pou plis infòmasyon, souple rele Dirèktè eta batis konvensyon pou sekou dezaz la.

N.B.: You ekiti apt ache sou chak bokit ak prezentasyon levanjil pou fè konnin ke "Bokit lespwa" lan se yon kado ki sòti nan min moun Batis nan Sid yo.

